

Transportation transformation

N ap konekte Kominote yo Grasa Chwa Transpòtasyon

NOUVO SIT ENTÈNÈT POU PLANIFIKATÈ ENTÈAKTIF SOU TRANSPÒ KOMINOTÈ

Le 9 novanm, Broward MPO te òganize yon sesyon fòmasyon pou entwodui novo sit entènèt, modèn ak entèaktif sou transpò kominotè a, ke Miami-Dade MPO te devlope anpremye. Sa a se yon zouti trè efikas pou ede planifikatè transpò yo ansanm avèk pwofesyonèl ki jere pwojè kominotè piblik yo. Li bay dènye done demografik yo pou Konte Broward, Miami-Dade ak Palm Beach baze sou Resansman 2010 la. Li gen tou yon pakèt enfòmasyon pou ede pwofesyonèl yo modifye epi pèsosnalize plan yo nan patisipasyon piblik avèk enfòmasyon tankou: Pwen denterè (pou anplasman reyinyon kominotè); Rapò Pèsosnalize sou Demografik; Rapò sou Enfòmasyon Jeneral Kominote a; ak Estrateji Piblik Kominotè ki pi awopriye pou zòn demografik yo seleksyone yo. Inivèsite Florida International (Florida International University), ki te ede Broward MPO enplemente sit entènèt sa a, te eslike tou aspè sit la e li te gide patisipan yo pandan sesyon fòmasyon entèaktif sa a. Anpil patisipan ki te la yo te fè eksperyans pratik apatide òdinatè pòtatif yo te mete aladispozisyon yo pandan sesyon fòmasyon an.

Chris Ryan, Ofisyen Enfòmasyon Piblik Broward MPO/ Kowòdinatè Tit VI, te mete anfaz sou kat Ryo, lè y ap prepare yon plan enfòmasyon piblik: Rechèch, Relasyon, Resous ak Rezulta. Li montre tout moun kouman done ki sou novo sit entènèt efikas sa a ka itil nan aplike eleman enpòtan angajman piblik sa yo. Li pa bay yon plan egzak, men definitivman l ap asiste pwofesyonèl yo defason pou yo gen yon pwen depa ki ekselan lè y ap pran plizyè desizyon ki antre nan plan angajman piblik yo. Tout pèsosnèl MPO yo ansanm avèk konsiltan yo pral utilize sit entènèt sa a kòm yon pwen derapaj pou tout pwojè angajman piblik k ap gen pi devan. Prezantasyon sesyon fòmasyon an disponib sou sit entènèt Broward MPO a nan www.browardmpo.org anba onglè “**Resous (Resources)**” la ki nan paj dakèy la. N ap ankouraje w al gade Planifikatè sou Transpò Kominotè a nan: www.mpotransportationoutreachplanner.org



Transportation Outreach Planner

[Home](#) [Customized Demographic Reports](#) [Community Background Reports](#) [Public Outreach Strategies](#) [Metadata](#) [Help](#) [Login](#)

Project Information

As a result of the 2000 U.S. census, the Miami Urbanized Area encompasses parts of the Miami-Dade, Broward and Palm Beach Counties. The Metropolitan Planning Organization (MPO) for each respective County responded to the potential of consolidating into a single 'regional' MPO by committing to develop and implement a coordinated planning effort resulting in, but not limited to:

- Regional long range transportation plan covering the tri-county region;
- Regional project prioritization and selection process;
- Regional public involvement process;
- Performance measures to assess the effectiveness of regional coordination.

2010 Census Demographic Reporting Tool

New

Introducing a New, Interactive Mapping and Reporting Tool.

Now you can locate 2010 census data and 2009 American Community Survey (ACS) data by census block groups, census places, and neighborhoods for Broward, Miami Dade, and Palm Beach counties. Interactive graphs illustrating changes from 1990, 2000, and 2010 are just the tip of the iceberg. [Explore it now!](#)

Customized Demographic Reports

Generate a customized demographic report for your transportation project or study within Broward, Miami-Dade and Palm Beach Counties.

Community Background Reports

Provides information on select communities, including history and other issues that may affect public involvement efforts.

Public Outreach Strategies

Get detailed information on the most effective strategies to use on various target populations (including hard-to-reach populations).

KISA KI LADAN L

- Mesaj Prezidan an
- Konferans sou Transpò Machandiz nan Sidès Florida
- Mizajou sou Etid Transpò nan direkson Lès-Lwès
- Lansman pwogram B-Siklèt Broward (Broward B-Cycle)
- Èske Ou te Konnen?


MESAJ PREZIDAN AN



Administratè gouvènman lokal la, Richard Blattner
Prezidan, Broward MPO
Vil Hollywood, Distrik 4

Se avèk plezi m ap mete tout moun okouran de yon novo zouti entèaktif pou **Pwogram Amelyorasyon Transpò (TIP)** a. Sit entèaktif sa a ki aktyèlman sou pye e k ap fonksyone, se Broward MPO avèk Data Transfer Solutions ki te devlope l, e li se yon kontinyasyon efò kominotè piblik MPO yo. Yo te fè yon prezantasyon sit entèaktif sa a pou manm Konsèy yo, nan reyinyon 17 novanm nan e yo te twouve prezantasyon sa a te gen bon jan enfòmasyon e li te byen fasil pou novis itilize sit la. TIP se yon plan akoutèm ki distribye fon sou chac peryòd 5 an k ap vini selon faz pwojè a. Sit entèaktif sa a kominike direkteman avèk Depatman Transpòtasyon Florida (FDOT), defason pou mizajou sou pwojè yo fèt otomatikman. Ou ka jwenn enfòmasyon sou pwojè transpò yo nan zòn kote w ye a epitou nan tout zòn

nan Broward County. Sit la ofri opsyon ki fasil pou novis, tankou "Opsyon Rechèch (Search Options)" (nou montre adwat la) k ap ede w jwenn amelyorasyon ki enterese w yo. Pandan reyinyon ak Konsèy la mwen te ankouraje manm Konsèy yo pou yo te enfòme Depatman Planifikasyon yo osijè zouti entèaktif enpòtan sa a, epi te gen plizyè ladan yo ki te enterese mete yon lyen sit sa a sou pwòp sit minisipal yo. Pèsonèl MPO yo disponib pou fè prezantasyon pou gouvènman lokal yo ak pou lòt òganizasyon. Tanpri kontakte Roxana Ene nan (954) 876-0042 pou mande pou yon prezantasyon. Ou ka jwenn zouti pou Pwogram Amelyorasyon Transpò a nan sit entènèt Broward MPO a nan www.browardMPO.org nan seksyon "Pwogram (Programs)" apresa nan onglè "Pwogram Amelyorasyon Transpò (Transportation Improvement Program)" la. Mwen espere ou apresye vizite sit entènèt sa a e m ap swete oumenm ak fanmi w yon erèz sezon fèt san okenn danje.



Eskane Kòd QR sa a pou ale sou sit entènèt TIP nou a



The screenshot shows a search interface for the Broward MPO Interactive TIP. It includes fields for 'Project #', 'Project Name' (partial matching), and dropdown menus for 'TIP Section' (Roadway and Bike/Ped, Transit, Aviation, Commuter Rail, Port, Transportation Disadvantaged, Intermodal and Multimodal) and 'Lead Agency' (Broward County, Coconut Creek, Coral Springs, Davie, Fort Lauderdale, Hallandale Beach, Lauderhill, Miramar, Pembroke Pines, Plantation, Tamarac). A 'Search Results' button is also visible.

KONFERANS SOU TRANSPÒ MACHANDIZ NAN SIDÈS FLORIDA

Le 18 novanm, Konferans sou Transpò Machandiz nan Sidès Florida a te fèt nan Port Everglades. Gen anpil moun nan sektè lokal ak sektè prive yo ki te patisipe pou tande kijan Florida afekte sou kesyon endistri komès global la ak lojistik, e pou yo te okouran tou de diferan opòtinite endistri sa a pote nan reyjon Sidès Florida a. Pami oratè yo te genyen Phil Allen, Direktè Port Everglades; Jeff Weidner ki nan Depatman Transpòtasyon Florida (Florida Department of Transportation); Carrie Blanchard ki nan Fondasyon Chamber Florida (Florida Chamber Foundation); Lenny Feldman ki nan Sandler, Travis & Rosenberg, P.A.; ak Bob Romig, Asistan Sekretè Enterimè pou Depatman Transpòtasyon Florida (Florida Department of Transportation). Te genyen tou yon diskisyon enteresan avèk ekspè yo sou kesyon transpò avèk Phil Allen; Dorian Valdes, Direktè Adjwen Port of Miami; Manuel Almira, Direktè Carload Marketing & Sales, FEC Railway; ak Manuel Gonzalez ki nan Ayewopò Entènasyonal Miami. Jim Murley, Direktè Egzekitif Konsèy Planifikasyon Rejyonal Sid Florida te pale sou Inisyativ pou Kominote Dirab yo, ki ofri Sidès Florida yon opòtinite pou l amelyore plan lokal ak reyjonal li yo, pou l kapitalize sou reyisit li yo, pou l pran leson apatide eksperyans li fè yo, e pou l fòme yon alyans reyjonal reyèl alavni. Anjeneral, konferans

la te mete anfaz sou opòtinite Florida genyen onivo pò l yo, sèvis transpò kago l yo, ak ayewopò l yo nan domèn komès ak lojistik sou kouman yo transpòte machandiz yo andedan ak andeyò Eta a. Se pou nou kowòdone onivo rejyonal sou kesyon sa a e Broward MPO se youn nan plizyè patnè ki patisipe nan efò kowòdinasyon sa yo. Pou plis detay sou inisyativ transpò machandiz nan Florida, kontakte Jeff Weidner (FDOT) nan (954) 777-4670 oswa nan jeff.weidner@dot.state.fl.us.




MIZAJOU SOU ETID TRANSPÒTASYON NAN REJYON SANTRAL LÈS-WÈS BROWARD

Etid sa a ap fèt an kolaborasyon avèk Depatman Transpòtasyon Florida Distrik 4 (Florida Department of Transportation District 4), Transpòtasyon Broward County (Broward County Transit), Broward MPO, ak Enstans Rejyonal pou Transpòtasyon nan Sid Florida (South Florida Regional Transportation Authority). Objektif etid la se pou bay sèvis transpò ki gen kalite siperyè ak kapasite siperyè sou yon aks lès-wès nan seksyon santral Broward County defason pou konekte rejyon Iwès

Broward County avèk zòn litoral ki gen gwo dansite yo. Nan debi mwa sa a, ekip etid la te fè yon prezantasyon pou Konsèy Broward MPO a eli te dirije plizyè reyinyon kominotè piblik epitou li te amelyore altènativyo. Yap konsidere de (2) altènativ: Griffin Road ak SR 7/Broward Boulevard, toulède ka sèvi kòm yon ekstansyon pou *The Wave*, nan ofri koneksyon pou tren yo rive nan Estasyon Tri-Rail Broward Boulevard, Ayewopò Entènasyonal Fort Lauderdale-Hollywood ak Estasyon Tri-

Rail Griffin Road apatide santrevil Fort Lauderdale la. Etid la baze sou pwosesis devlòpman pwojè enstans federal la avèk yon seleksyon altènativ prefere MPO a pral fè ete pwochen. Pwochen etap la pral yon revizyon **Lwa sou Règleman Nasional onivo Anviwònman an (National Environmental Policy Act : NEPA)** e y ap prepare yon dokiman sou anviwònman an. Pi ba a, nou prezante yon orè kwonologik apwoksimatif.



BROWARD B-CYCLE LANSE NAN TWA VIL



Le 14 desamm nan Hollywood, Fort Lauderdale ak Pompano Beach, Broward County lanse nouvo mwayen transpò piblik li a avèk Broward B-siklèt (Broward

B-cycle). Jounen enteresan sa a make premye sistèm pwogram bisiklèt nan konte a e atravè tout peyi a epitou li make premye lansman nan domèn sa a ki kouvri twa vil vwazen. Broward B-siklèt (Broward B-cycle) se yon mwayen ki bon mache, ki pwòp e ki senp pou moun sikile nan vil la. Moun ki vle itilize l yo ka lwe yon bisiklèt nan nenpòt estasyon sèvis lib epi remèt li nan nenpòt estasyon ki toupre. B-siklèt yo ekipe ak yon sistèm GPS pou kontwole mileyaj, kalori moun nan boule ak konpansasyon kabòn. Pou lwe bisiklèt yo, anrejistre sou sit entènèt la nan www.broward.bcycle.com oswa itilize yon kat kredi nan kiyòsk sèvis lib yo (estasyon B yo). Itilizatè yo dwe gen 18 an oswa pi gran e se pou yo gen yon kat kredi ki valid. Lansman an kòmanse nan Hollywood nan maten, apresa li kontinye

nan Fort Lauderdale nan apremidi nan Esplanade Park epi li fini nan Pompano Beach Aquatic Center. Se Vis-Majistra Broward County a ak Administratè manm Konsèy Broward MPO a, Kristin Jacobs ki te dirije inisyativ la pou entwodui pwogram bisiklèt la nan Broward County. B-siklèt (B-cycle) se yon patnèship ant Trek Bicycle, Crispin Porter + Bogusky ak Humana, Inc. ki se youn nan pi gwo konpayi swen sante nan Florida ak yon esponnsò pwogram Broward B-siklèt (Broward B-cycle). Pou plis enfòmasyon ale nan sit entènèt www.broward.bcycle.com, rele nan (954) 467-6822, oswa vin youn nan sipotè nou yo sou facebook nan facebook.com/browardbcycle. Antre kòd BCYCLE2011 sou sit broward.bcycle.com pou resevwa yon rabè \$10 sou adezyon anyèl la pou yon tan limite.



Eskane Kòd QR sa a pou ale sou
sit entènèt nou an www.browardMPO.org

REYINYON KI PLANIFYE

	JAN 2012	FEV 2012	MAS 2012	AVR 2012
Organizasyon pou Ibanizasyon Zòn Metropolitèn nan Broward (MPO) Rankontre chak 2yèm jedi a 9:30 a.m.*	Pa gen reyinyon	9	8	12
Komite Kowòdinasyon Teknik (TCC) Rankontre chak 4yèm lendi a 2:15 p.m.*	23	27	26	23
Tabwonn pou Patisipasyon Kominotè (CIR) Rankontre chak 4yèm jedi a 6 p.m.*	24	28	27	24
Konsèy Administrasyon pou Kowòdinasyon nan Broward County (BCCB) Rankontre chak 3yèm lendi a 2 p.m. lè yo planifye l*	30*	Pa gen reyinyon	19	16

* Dat sa yo chanje akozde konje oswa konfli

Yo kenbe reyinyon yo nan Biwo Konsèy Administrasyon Broward MPO (Broward MPO Board Room) la, Swit 850, nan imèb Trade Centre South la.

Nap ankouraje patisipasyon publik la kèlkeswa ras li, koulè po li, orijin natif natal li, laj li, sèks li, reliyon ni, andikap li oswa estati familyal li. Moun ki bezwen akomodasyon espesyal selon Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act: ADA) oswa moun ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis) dwe kontakte Christopher Ryan nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org. Si w gen pwoblèm pou tandem, telefone nan 1 (800) 273-7545 (TDD).

Si w bezwen plis enfòmasyon sou reyinyon ki pral fèt yo, sou kouman pou pote plent, si w gen kesyon oswa enkyetid sou dwa sivil oswa non-diskriminasyon; oswa si w gen demann espesyal selon ADA, tanpri kontakte: **Christopher Ryan, Ofisyè Enfòmasyon Piblik/Kowòdonatè Tit VI nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org.**

ÈSKE W TE KONNEN?

Konstriksyon kòmanse le 28 novanm sou Liy Eksprès 95 yo nan Broward. Konstriksyon liy Eksprès 95 lan baze sou eksperyans pwogram ki te reyisi nan lòt eta yo ki soulaje trafik la poutèt yo te reponn a demann pou transpò e yo te adresse pwovizyon sèvis transpò yo. Liy Eksprès 95 yo ankouraje sèvis transpò epitou yo ankouraje plizyè moun pran woulib nan menm machin. Pou plis enfòmasyon sou konstriksyon an ak sou lòt liy n ap fèmen sou otowout yo, ale sou sit entènèt la nan: www.95Express.com oswa rele Tish Burgher nan (954) 325-8022.



95 EXPRESS